

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMENDASI

5.1 KACINDEKAN

Dumasar kana analisis data dina bab IV, hasil dina ieu panalungtikan bisa dicindekkeun saperti ieu di handap:

- 1) Kamampuh maca dongéng siswa kelas VII-D SMP Negeri 26 Bandung taun ajar 2017/2018 saméméh ngagunakeun modél *Student Team Achievement Division (STAD)* kagolong kana katégori can tuntas, kalawan rata-rata peunteunna nya éta 62,90. Tina jumlah siswa 31 urang, siswa anu nyangking peunteun sahandapeun Kriteria Ketuntasan Minimal (KKM) atawa can tuntas aya 20 urang siswa atawa 64,5%, sedengkeun siswa anu geus mampuh aya 11 urang atawa 35,5%.
- 2) Kamampuh maca dongéng siswa kelas VII-D SMP Negeri 26 Bandung taun ajar 2017/2018 sabada ngagunakeun modél *Student Team Achievement Division (STAD)* kagolong kana katégori tuntas, kalawan rata-rata peunteunna nya éta 86,1. Tina jumlah siswa 31 urang, siswa anu nyangking peunteun saluhureun Kriteria Ketuntasan Minimal (KKM) atawa anu geus tuntas aya 25 urang siswa atawa 80,6%, sedengkeun siswa anu can mampuh aya 6 urang atawa 19,4%. Ieu hasil posttest nuduhkeun yén sacara umum siswa kelas VII-D SMP Negeri 26 Bandung taun ajar 2017/2018 geus mampuh maca dongéng kalayan hadé.
- 3) Aya béda anu signifikan antara kamampuh maca dongéng siswa kelas VII-D SMP Negeri 26 Bandung taun ajar 2017/2018 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Student Team Achievement Division (STAD)*. Katitén tina hasil uji hipotésis data *pretest* jeung *posttest* anu nuduhkeun yén nilai $Z = -4,820$ jeung nilai Sig. (Asymp. Sig. 2-tailed) nya éta 0,00, kusabab nilai signifikansi (Asymp. Sig. 2-tailed) nya éta $0,00 < 0,05$. Ku kituna H_1 ditarima atawa H_0 ditolak. Hartina aya béda anu signifikan antara *pretest* jeung *posttest*. Bisa dicindekkeun yén aya béda anu signifikan antara kamampuh maca dongéng siswa kelas VII-D SMP Negeri 26 Bandung

taun ajar 2017/2018 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Student Team Achievement Division (STAD)*.

5.2 Implikasi

Modél *Student Team Achievement Division (STAD)* digunakeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh maca dongéng. Ieu modél teu nyieun siswa bosen sabab dina prak-prakanna siswa diperedih pikeun gawé bareng jeung diskusi sacara interaktif dina kelompok. Unggal siswa diperedih pikeun ngébrehkeun idena séwang-séwangan tuluy nyindekkeun jawaban anu pangbenerna dumasar kana éta sawala. Ieu modél ogé ngalatih siswa dina sikep sosialna. Ieu modél ogé bisa ngalatih kamampuh siswa dina nyarita.

5.3 Rékomendasi

Dumasar kana kacindekan di luhur, ieu di handap diébréhkeun sababaraha rékomendasi, di antarana:

- 1) Modél *Student Team Achievement Division (STAD)* bisa ngaronjatkeun kamampuh maca dongéng. Ku kituna, modél *Student Team Achievement Division (STAD)* bisa dijadikeun salah sahiji modél alternatif pikeun guru dina pangajaran maca dongéng.
- 2) Dina panalungtikan maca dongéng ngagunakeun modél *Student Team Achievement Division (STAD)* aya sababaraha hal anu kudu diperhatikeun, di antarana nya éta: a) kudu maham kana oriéntasi jeung léngkah-léngkah modél *Student Team Achievement Division (STAD)*; b) ngararancang pangajaran kalayan asak jeung bener; c) kudu bisa nyipta suasana kelas anu nyaman sarta ngirut perhatian siswa; sarta d) kudu bisa ngondisikeun waktu.
- 3) Dipiharep ayana panalungtikan modél *Student Team Achievement Division (STAD)* dina pangajaran séjénna sangkan bisa leuwih ngabuktikeun kaéfektifan modél *Student Team Achievement Division (STAD)*.